

# Julius/Jilyis

(By Angela Johnson)

Translated to Haitian-Creole

Granpè Maya ap viv nan vil Alabama men li vin pase vakans divè nan Alaska. Li di Maya se pou sa li renmen glas nan kafe li. Nan youn nan visit li yo, li pote yon gwo bwat. Se yon **kado sipriz** pou Maya. Li di: "Se yon bagay k ap amize w e k ap montre w pataje". Granpè sourit e li di "yon bagay pou pitit fi **espesyal** mwen". Maya swete se te yon gran frè oswa yon cheval. Li te toujou renmen gen youn oswa lòt. Men se te yon gwo kochon. Kochon an fè yon **imitasyon** yon "polar bear". Non kochon an se Jilyis.


O kòmansman, manman ak papa Maya pa t renmen Jilyis. Yo pa t panse li te amizan ni li t ap anseye Maya kouman pou li **pataje** ak lòt moun. Maya te renmen Jilyis. Akòz de sa, Jilyis rete nan kay la. Li **malpwòp**. Li manje anpil manje epi li kite kras manje sou dra yo. Li fè anpil bri lè l ap manje. Jilyis **gaye** jounal anvan moun li yo. Li jwe plak lè tout moun ap li.




















Men Maya konnen bon kote Jilyis tou. Jilyis te amizan lè l al mache ak Maya. Li fè bon **imitasyon** lòt chen e li kouri dèyè chat yo. Jilyis antre nan magazen epi yo eseye rad ansanm. Jilyis renmen koulè ble. Maya renmen koulè wouj. Jilyis

**Grade 2 - Quarter 1 - Theme 1 - Silly Stories (Istwa Komik)**

**balanse** nan **balansin** pandan plizyè èdetan ak Maya. Li proteje Maya kont bagay ki **efreyan** lèswa. Li montre Maya kouman pou li danse mizik jazz. Maya pa panse ankenn frè te ka anseye li sa Jilyis anseye li. Yo renmen manje manba ansanm. Epi Maya montre Jilyis ki jan pou li aji byen. Maya pataje ak zanmi li sa li aprann de Jilyis.

Jilyis eseye pou l pa malpwòp. Manman ak papa Maya renmen sa. Yo kòmanse renmen lè Jilyis antre lakay yo. Sa se te yon bon bagay tou, paske Jilyis ak Maya te bon zanmi. Pou Jilyis, viv ak Maya pi bon pase viv ak lòt kochon nan Alaska.



			
	Thank you please 		
			
			
			



kras	bri	imitasyon	Fè bri lè w ap manje
gaye	janti	proteje	kopye
achte	rezon	dega	aji
pataje	aprann	Alaska	bèt
plak	granpè	anseye	konpòtman

## Lesson Activities

### Preparing to read:

#### Vocabulary:

Kras (crumbs); imitasyon (imitation); bri (noise); fè bri pandan w ap manje (slurped); gaye (spread); gaye (spread); plak (records); proteje (protect);

#### Geography:

Help the children locate Alaska on a map. Show and discuss pictures from Alaska.

### Supporting comprehension:

1. Kouman Maya ak paran li reyaji lè yo te wè Jilyis? (paran yo pa t panse yo t ap renmen li. Maya te renmen Jilyis toutswit)
2. Poukisa ou panse paran Maya kite Jilyis rete? (paske Maya te renmen kochon li an. Yo te vle fè kè li kontan)
3. Kisa w panse ekriven an vle di moun ki ap li istwa de Jilyis e Maya.
4. Kisa Maya renmen fè ak Jilyis?
5. Kouman ou panse Maya santi li de prezans Jilyis nan kay la? Poukisa ou panse sa?
6. Kisa w panse Maya fè ak sa li aprann de Jilyis? (Li di zanmi li sa li fè ak Jilyis i.e li danse, jwe etc. )

### Think about the selection:

1. Poukisa ou panse Maya vle yon gran frè?
2. Kijan ou panse fanmi pa ou t ap santi yo si Jilyis te vin abite lakay ou?
3. Kompare Jilyis ak lòt kochon. Kijan li diferan ousnon menm? (Jilyis sanble yon vrè kochon, men li diferan paske li li, li danse, li fè imitasyon; li eseye rad, li jwe, li pwoteje Maya)
4. Kouman Dragon ak Jilyis se menm? Kijan yo diferan? (Yo menm paske tout lè de komik; yo fè dega; men Jilyis aprann de Maya men Dragon pa aprann ankenn lesan)